



# BE READY. STAY COVERED.

Kesyon yo poze souvan sou renouvèlman

*Mizajou septanm 2023*

## Kisa ki renouvèlman Medicaid?

Anvan COVID-19, Eta a te revize enfòmasyon manm Medicaid yo chak ane pou asire yo te toujou elijib. Pwosesis sa a rele yon "Renouvèlman."

Gouvènman federal la te pran yon poz sou renouvèlman yo pandan COVID-19 la pou asire moun yo kenbe asirans sante yo. Lè Ijans Sanitè a te fini, gouvènman federal la te mande eta yo pou yo rekòmanse renouvèlman yo.

Rhode Island te rekòmanse renouvèlman Medicaid yo nan mwa avril 2023. Etan done plis pase 350,000 moun Rhode Island te enskri nan Medicaid, se pa tout moun ki pral renouvele an menm tan. Y ap voye avi renouvèlman bay moun diferan nan kòmansman chak mwa. Sa vle di manm yo pral resevwa yon avi pa lapòs de Eta a nan nenpòt moman disi avril 2024.

Menm jan ak kèk lòt eta, Rhode Island te retade renouvèlman pou fanmi ki gen timoun yo pou bay plis tan pou yon angajman ak yon sansibilizasyon ki reflechi. Si timoun lakay ou enskri nan Medicaid, w ap resevwa yon avi ant Desam 2023 ak Avril 2024.

## Èske tout moun nan kay mwen an ap renouvele an menm tan?

Wi, manm Medicaid k ap viv nan menm kay yo pral renouvele ansanm. Tout manm nan kay la ap parèt sou yon sèl avi. Toutfwa, yo kapab egzaminen elijiblite manm nan yon kay nan fason diferan.

Pa egzanp, Eta a ka bezwen plis enfòmasyon sou yon adilt nan yon kay epi mande dokiman. Men, Eta a ka gen ase enfòmasyon tou sou yon timoun ki pokon 19 an nan kay la pou renouvele kouvèti timoun nan otomatikman.

## Kisa mwen ka fè pou mwen prepare mwen?

Gen twa bagay ou ka fè pou mete w prè epi rete asire.

1. **Mete kowòdone ou yo ajou.** Asire w ke Eta a gen adrès ou, nimewo telefòn ou, ak imèl ou.
2. **Siveye avi jòn oswa vèt ou a pa lapòs.** Eta a ka di w ke kouvèti w la ap renouvele otomatikman oswa l ap mande w plis enfòmasyon.
3. **Aji imedyatman.** Tanpri soumèt fòm ou siyen an ak tout lòt dokiman Eta a mande pi vit posib. Ou dwe voye dokiman w la ba nou anvan dat ki sou avi w la.

## Kijan mwen ka mete kowòdone mwen yo ajou?

Ou ka mete kowòdone ou yo ajou nan plizyè fason:

- **An liy oswa nan aplikasyon mobil lan:** Vizite [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov) pou jwenn aksè nan kont ou an liy oswa telechaje aplikasyon mobil HealthyRhode sou selilè ou pou jwenn aksè sou kont ou a. HealthSource RI (HSRI) organize tou yon tchat an liy an dirèk pandan lè biznis yo sou [healthsourceri.com](http://healthsourceri.com).
  - Tout manm Medicaid yo gen yon kont ki te kreye lè yo te apwouve yo pou Medicaid. Si w ap konfigire kont ou pou premye fwa, ou ka antre nimewo sekirite sosyal ou ak dat nesans ou pou jwenn non itilizatè ou an. Apresa, swiv etap sa yo pou reyinisyalye modpas ou.
- **Kontakte òganizasyon jesyon swen aspirans sante w la:** Èske ou gen yon kat aspirans Neighborhood Health Plan of Rhode Island, Tufts Health Plan (RITogether) oswa United Health Care Community Plan (UHCCP)? Rele nimewo ki sou do kat ou a pou jwenn èd pou mete kowòdone ou yo ajou.
- **Pa telefòn:** Rele HSRI nan 1-855-840-4774 (Lendi rive Vandredi, eksepte jou ferye, soti 8è a.m. rive 6è p.m.).
- **An pèsòn:** Anplwaye nan biwo Rhode Island Department of Human Services (DHS) ka ede kliyan yo an pèsòn. Pou jwenn yon lis biwo DHS, vizite [dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices](http://dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices).

## Kilè se ap tou pa mwen pou mwen renouvre?

Renouvèlman Medicaid yo pral depale ant avril 2023 ak avril 2024, ak yon nouvo gwoup ki kòmanse renouvèlman yo chak mwa. Ou ka itilize nouvo [Pòtal Renouvèlman Medicaid Lookup Portal](#) pou jwenn dat ou prevwa pou renouvèlman Medicaid. Pòtal la fasil epi an sekirite, epi li pa bezwen yon imèl oswa pase nan mo pou itilize li. Pòtal la ka chanje an Angle, Panyòl, ak Pòtigè. Si yon moun ap ede w renouvre, li ka itilize pòtal la tou.

Men sa ou bezwen fè:

- Antre nimewo ID Medicaid la sou kat Anchor blan w la.
- Antre dat nesans ou.

Pòtal la pral di w ki lè ou kapab espere renouvre. Men sonje, dat renouvèlman ou ka chanje, kidonk tcheke tounen souvan.

Ou ka jwenn dat renouvèlman Medicaid ou te prevwa a tou lè w konekte sou kont ou a nan [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov) epi chèche "My Renewal Information."

Eta a ap voye yon avi ba w pa lapòs de mwa anvan w bezwen konplete renouvèlman w la. Pa egzanp, si renouvèlman ou bezwen fini nan fen mwa janvye pou kenbe benefis ou yo kòmanse nan mwa fevriye, w ap resevwa avi renouvèlman ou an desanm. Avi a ap fè w konnen si Medicaid w la pral renouvre otomatikman, oswa si w bezwen bay Eta a plis enfòmasyon sou ou oswa sou moun lakay ou. Avi a pral di w tou yon dat limit pou soumèt pake renouvèlman w la siyen.

## Kijan mwen fè poko resevwa yon avi pa lapòs konsènan renouvèlman kouvèti Medicaid mwen an?

Tout moun Eta a pral revize kalifikasyon Medicaid yo a ta dwe resevwa yon premye lèt renouvèlman Medicaid nan mwa mas. Lèt sa a enfòme w sou pwosesis renouvèlman Medicaid la ak ki jan li enpòtan pou asire w ke nou gen kowòdone kòrèk ou yo.

Si ou pa t resevwa lèt sa a nan bwat lèt ou oswa sou kont ou nan [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov), tanpri verifye kowòdone ou yo touswit.

Eta a ap voye lòt avi ba ou pa lapòs lè se tou pa w pou w renouvre aspirans ou a.

## Kijan mwen ka jwenn èd ak renouvèlman mwen an?

Èd disponib an pèsòn, nan telefòn, ak an liy. Pou aprann sou opsyon sa yo, vizite [staycovered.ri.gov/medicaid-renewals/contact-us](http://staycovered.ri.gov/medicaid-renewals/contact-us).

- Konseye Aplikasyon Sètifye ak Navigatè disponib pou bay asistans gratis an pèsòn. Anpil òganizasyon kominotè kapab ede w konprann avi renouvèlman Medicaid ou a tou ak pwochen etap yo.
- Si ou gen 60 an oswa plis oswa ou se yon granmoun ki gen yon andikap, ou ka rele Point, 401-462-4444. Si w gen 65 an oswa plis oswa ou se yon benefisyè Medicare, ou ka rele 888-884-8721. Patnè nan sant pou moun aje yo ak ajans aksyon kominotè yo ka ede tou.
- Pou jwenn èd toupre ou, vizite [staycovered.ri.gov/community-support](http://staycovered.ri.gov/community-support).

## Kijan mwen ka soumèt dokiman mwen yo bay Eta a?

Nan kad pwoesisi renouvèlman an, Eta a ka mande w pou soumèt dokiman adisyonèl. Gen plizyè fason ou ka fè sa, tankou an liy, pa lapòs, oswa an pèsòn.

- **An liy oswa sou aplikasyon mobil:** Vizite [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov) pou jwenn aksè sou kont ou an liy oswa telechaje aplikasyon mobil HealthyRhode sou selilè ou pou jwenn aksè sou kont ou a.
- **Pa lapòs:** Ou ka voye dokiman yo mande yo pa lapòs nan P.O. Box 8709, Cranston, RI 02920-8787.
- **An pèsòn:** Anplwaye nan biwo Rhode Island Department of Human Services (DHS) Rhode Island ka ede kliyan yo an pèsòn. Pou jwenn yon lis biwo DHS, vizite [dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices](http://dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices). Ou kapab soumèt dokiman yo tou lè w itilize RI DHS Scan Center nan 1 Reservoir Ave., Providence.

## Kisa Pòtal Medicaid Renewal Lookup la ye?

Ou ka itilize [nouvo Pòtal Medicaid Renewal Lookup](#) la pou jwenn dat renouvèlman Medicaid ki prevwa pou ou a. Pòtal la fasil epi sekirize, epi li pa nesesè pou w konekte. Yo ka chanje pòtal la an Anglè, Panyòl, ak Pòtigè. Si yon moun ap ede w renouvele, li ka itilize pòtal la tou.

Men sa ou bezwen fè:

- Antre nimewo Idantifyan Medicaid la sou kat Anchor blan w la.
- Antre dat nesans ou.

Pòtal la pral di w ki lè dat renouvèlman an. Men sonje, dat renouvèlman ou a ka chanje, kidonk retounen tcheke souvan.

Lè ou fin konnen dat renouvèlman ki prevwa pou ou a, ou ka prepare w. Ou ta dwe:

- [Mete kowòdone ou yo ajou.](#)
- Siveye kourye ou pou jwenn yon avi jòn oswa vèt.

## Mwen rate dat limit ki sou pakè mwen an. Kisa mwen ta dwe fè?

Si w rate dat limit ki sou pakè renouvèlman jòn ou a, siyen fòm renouvèlman an epi soumèt dokiman w yo touswit.

*Si Eta a resevwa pakè w la nan lespas 90 jou apre dat benefis ou yo te sispann (selon Avi Desizon Benefis ou a), y ap aksepte dokiman w yo, epi yo pral egzaminen elijiblite w.*

- Si Eta a jwenn dokiman ou yo nan lespas 90 jou epi li detèmine ke ou kalifye pou Medicaid, y ap reyenstore kouvèti asirans ou an. W ap resevwa yon Anchor Card blan ou ka itilize pou medikaman ak

vizit doktè si founisè a aksepte frè pou sèvis Medicaid. Apre sa, w ap re-enskri nan plan pou jesyon swen ou (Neighborhood Health Plan of Rhode Island, Tufts Health (RITogether) Plan, oswa UnitedHealthcare Community Plan (UHCCP)).

- Si Eta a resevwa dokiman ou yo nan 90 jou epi li detèmine ou pa kalifye ankò pou Medicaid, yo ka ba w enfòmasyon sou fason pou w jwenn asirans sante a bon mache atravè HealthSource RI. Avi Desizon Benefis ou a ap ba w enfòmasyon tou sou fason pou w fè kontestasyon.

Pou aprann plis sou opsyon pwoteksyon ou pandan y ap revize dokiman an reta ou yo, rele HealthSource RI (HSRI) soti 8è a.m. rive 6è p.m. nan jou lasemèn nan 1-855-840-4774.

### **Kisa k ap pase si mwen pa kalifye ankò pou Medicaid?**

Si ou pa kalifye ankò pou Medicaid, ekip sèvyab nan [HealthSource RI](#) ka ede w jwenn kouvèti swen sante ki abòdab.

Tou depan de gwosè fwaye ou ak revni ou, ou ka kalifye pou:

- Enskripsyon otomatik nan yon plan sante ki kalifye (QHP) ak èd pou pèman de mwa prim nan
- Asistans prim pou de mwa ak kredi enpo federal sou prim
- Kredi enpo federal sou prim pou rann kouvèti sante a pi abòdab

### **Kijan pou mwen prezante yon kontestasyon?**

Gen plizyè fason pou mande yon kontestasyon ki gen rapò ak kouvèti Medicaid ou. Ou ka prezante yon kontestasyon:

- **An liy.** Konekte sou kont ou a nan [healthyrhode.ri.gov](#) epi klike sou "file an appeal".
- **Pa telefòn.** Ou ka prezante yon kontestasyon lè w rele HealthSource RI nan 1-855-840-4774.
- **An pèson.** Pou jwenn yon lis biwo DHS, vizite [dhs.ri.gov/about-us/dhs-offices](#). Gen yon fòmilè kontestasyon nan chak Avi Desizon Benefis. Ranpli fòmilè sa a epi pote li avèk ou.
- **Pa lapòs.** Gen yon fòmilè kontestasyon nan chak Avi Desizon Benefis. Ranpli fòmilè sa a epi voye li pa lapòs bay ATTN: Appeals State of Rhode Island, P.O. Box 8709, Cranston, RI 02920-8787.

Enstriksyon sou fason pou w prezante yon kontestasyon nan Avi Desizon Benefis ou a tou. Pou plis enfòmasyon, vizite [Staycovered.ri.gov/medicaid-members/file-appeal](#).

### ***Yon timoun depandan k ap viv lakay mwen enskri nan Medicaid nan Rhode Island. Kisa mwen ta dwe fè pou mwen pare mwen pou renouvèlman yo?***

Gen twa bagay ou ka fè pou asire w ke w pare epi pou depandan w yo rete kouvrí.

1. **Mete kowòdone ou yo ajou.** Asire w ke Eta a gen adrès ou, nimewo telefòn ou ak imèl aktyèl ou pou w ka jwenn Mizajou enpòtan sou kouvèti w la.
2. **Siveye avi jòn oswa vèt ou a nan kourye a.** Eta a ka di w ke kouvèti w la ap renouvele otomatikman oswa l ap mande w plis enfòmasyon.
3. **Aji san pèdi tan.** Tanpri soumèt fòmilè ou siyen yo ak nenpòt lòt dokiman Eta a mande pi vit posib. Ou dwe voye dokiman w yo pou nou anvan dat ki sou avi w la.

### ***Kilè renouvèlman mwen an ap fèt?***

Fanmi ki gen timoun, ki gen ladann moun ki poko gen 19 an, pral resevwa yon avi pou enfòme yo kilè pou yo renouvele. W ap kapab pran mezi pou renouvele kouvèti w la lè w fin resevwa avi sa a. Avi sa a ap vini ant Desanm 2023 ak Avril 2024. Avi a ap toujou vini nan kòmansman mwa a.

Pou chèche dat ki prevwa pou renouvèlman Medicaid ou a, vizite [staycovered.ri.gov](http://staycovered.ri.gov) epi itilize Pòtal Medicaid Renewal Lookup la.

Ou ka konekte tou sou kont ou a nan [healthyrhode.ri.gov](http://healthyrhode.ri.gov) epi chèche "My Renewal Information".

### ***Ki kote fanmi yo oswa titè legal yo ka jwenn èd an pèsòn pou renouvèlman yo a?***

Nou konnen pafwa, li pi fasil pou pale an pèsòn ak yon moun ki ka ede w ak renouvèlman Medicaid ou a. Ou ka jwenn èd gratis nan men yon ekspè ki resevwa fòmasyon ki toupre w. Konseye sètifye nan aplikasyon (CAC) ak navigatè yo la pou ou. Yo ede w jwenn enfòmasyon ak fè chwa konsènan kouvèti sante w. Ekspè sa yo ede w:

- Konprann kiyès ki ka benefisyè Medicaid (elijibilite)
- Ranpli fòmilè
- Konnen plis sou kouvèti Medicaid
- Depoze yon plent oswa yon doleyans
- Pwoteje tèt ou kont fwod
- Aprann sou lòt opsyon kouvèti sante si ou pa kalifye ankò pou Medicaid

Pou aprann plis sou sipò lokal, vizite [staycovered.ri.gov/community-support](http://staycovered.ri.gov/community-support).

### ***Kisa k ap pase kouvèti pitit mwen an si mwen pa kalifye ankò pou Medicaid?***

Yon timoun ka toujou elijib pou kouvèti Medicaid menm si paran li oswa titè legal li a pa elijib ankò. Sa a se paske elijiblite revni kay la pi wo pou timoun yo ke pou paran ak moun k ap bay swen yo.

Si oumenm ak/oswa timoun ki depandan nan kay ou a pa kalifye ankò pou Medicaid, ekip senpatik [HealthSource RI](http://HealthSource RI) a ka ede w jwenn kouvèti swen sante abòdab.

Tou depan de gwosè fwaye ou ak revni ou, ou ka kalifye pou:

- Ensripsiyan otomatik nan yon plan sante ki kalifye (QHP) ak asistans prim de mwa
- Asistans prim de mwa ak kredi taks prim federal
- Kredi taks prim federal pou ede rann kouvèti sante pi abòdab

### ***Èske tout moun nan kay mwen an ap renouvele an menm tan?***

Wi, manm Medicaid k ap viv nan menm kay la pral renouvele ansanm.

### ***Èske mwen oblige fè yon bagay diferan pou renouvele kouvèti pitit mwen an parapò ak pa mwen an?***

Kèk timoun depandan nan kay ou a ka renouvele otomatikman ak yon renouvèlman Rapò Chanjman Sèlman. Si gen yon bagay sou sitiyasyon depandan w la ki chanje, ou dwe di nou sa. Kèk paran oswa moun k ap bay swen nan menm fwaye a ka bezwen bay sèten dokiman oswa enfòmasyon. Sa a se yon renouvèlman ki nesesè. Tou de tip renouvèlman yo ap parèt nan menm avi renouvèlman pou kay la.

### ***Èske yon timoun "ka soti" nan Medicaid?***

Lè yon jèn adilt vin gen 19 an, li pa elijib ankò pou Medicaid antanke depandan nan yon fwaye Medicaid.

Men, yo ka elijib pou kouvèti sante:

- Nan yon kategori Medicaid ki diferan
- Atravè yon plan asirans HealthSource RI

### ***Kisa pitit 19 an mwen an ta dwe fè apre?***

Lè ou resevwa avi renouvèlman Medicaid ou a, li pral di "Aksyon Nesesè." Swiv enstriksyon ki nan avi ou a pou rapòte nenpòt chanjman ki fèt nan sitiyasyon fwaye ou a. W ap resevwa tou yon avi blan ki di, "Dokimantasyon adisyonèl nesesè" (n ap voye avi sa a apa).

Asire w ke w siyen avi renouvèlman jòn ou a. Tanpri fè nou jwenn li, ansanm ak nenpòt dokiman ki nesesè, **anvan dat limit la** sou avi jòn ou a.

***E si DCYF te pran depandan mwèn an an chaj men dosye yo a pa aktif ankò?***

DCYD ka pa pran depandan ou a an chaj anko pou rezon sa yo:

- Yo retounen al jwenn fanmi yo
- Li gen 18 an

Yo p ap resevwa yon avi renouvèlman Medicaid jòn. Yo pral resevwa yon avi vèt ki fè yo konnen yo pa kalifye pou Medicaid.

Si yo vle rete kouvri pa Medicaid, yo dwe aplike lè yo ranpli yon demann asistans DHS-2 pou nou ka detèmine si yo kalifye.

***Mwen ansent. Èske mwen elijib pou Medicaid?***

Fi ki ansent, kèlkeswa laj yo, ki ranpli kondisyon resous yo, elijib pou Medicaid pandan yo ansent ak pandan 12 mwa apre gwo sès la (apre akouchman).